

CHIEDZA CHINOBVA MUSENJUWAR!




**Chidzidzo 8 cha Chivabvu
25, 2024**



“Tinomuprista
mukuru wakadai
wakagara kurudyi
rwecigaro covushe
coUumambo
kudenga; Ziye
mushumiri wezinhu
zitsene,
nowetabernakeri
caiyo, yakamiswa
naShe,
isina-kumiswa
nomunhu” (VaHebhuru
8:1, 2)

Jesu paasina kudzoka muna 1844, sezvinoratidzwa neuprofitu hwevhiki 70 nemazuva 2 300, zvakanga zvakakodzera kudzokorora uprofitu hwacho. Vakawana izvi:

Kunatswa kwesenjuwari kwaisava Kuuya kwechipiri kwaJesu. Kana Dhanieri 8:14 nokutonga kwaDhanieri 7:9-10 zvakazivisa chitiko chimwe chetecho, isenjuwari ipi yaifanira kucheneswa? Ukuwo, rutongo rupi rwakatanga muna 1844?



-  Senjuwari yechokwadi.
-  Kunatswa.
-  Rutongo.
-  Tsitsi nekururamisira.
-  Gweta uye Murevereri.

SENJUWARI YECHOKWADI

"Iye mushumiri wezinhu zitsene, nowetabernakeri caiyo, yakamiswa naShe, isina-kumiswa nomunhu"
(VaHebhuru 8:2)

Kana senjuwari yaizonatswa yakanga isiri pasi, yaiva chii?

Mukufunda Bhaibheri, vaAdventist pashure pokuodzwa mwoyo kwa1844 vakawana kuti kwakanga kune masenjuwari mairi:

Senjuwari yepanyika, mufananidzo nemumvuri weyechokwadi(VaHeb. 8:5)

Senjuwari yekudenga, yakamiswa naMwari pachake(VaHeb. 8:2)

Senjuwari yokutanga, nematembera akaitevera kusvika muna AD 70, akavakwa achitevedzera muenzaniso wakaratidzwa Mozisi naMwari (Ekis. 25:40). Madziri Gwayana rechokwadi nemupristi mukuru aimiririrwa: Jesu (Jn . 1:36; VaHeb. 4:14).

Kutanga, Jesu akazvipa nokuda kwedu kuti abvise mhosva yechivi chedu (VaR. 5:8); uye, chechipiri, anotireverera, achitisunungura kubva pakutonga kwechivi, uye kutichengetera ruponeso(VaHeb . 7:25).





KUNATSWA KWESENJUWARI



"unofanira kuyananisira vo nzimbo tšene nokuda kwokusanaka kwavana vaIsraeri, vuye nokuda kwokudarika kwavo nezivi zavo zose" (Rev. 16:16a)

Kunyange zvazvo valsiraeri vairegererwa nokupa zvibayiro zvavo, mhosva yavo yai "tamiswa" kusenjuwari. Naizvozvo, kucheneswa kwayo kwakanga kuri madikanwa. Izvi zvaitika pazuva rokuyanansa, rinozivikanwa nanhasi pakati pavaHebhuru sezuva rokutongwa.



Munhu wese aifanira kucema pamņeya yake (Rev. 23:27)



Hapana basa ripi neripi raibatwa (Rev. 23:28)



Muprista mukuru aienda pamberi paMwari (Rev. 16:12-13)



Areka, chidzitiro neartari yegoridhe zvainatswa neropa rembudzi (Rev. 16:15-19, 33)



Imwe mbudzi mhenyu yaitakura zvakaipa kuenda nayo kunyika isinauanhu (Rev. 16:20-22)



Vaizochen eswa pachivi (Rev. 16:30)

Kana mumwe munhu asina kuchema zuva iroro, achitendeuka pazvivi zvake, "aizobviswa" (Rev. 23:29-30). Mugomo wake waigadzirwa musi uyu. Nenzira imwecheteyo, kana kunatswa kwenzvimbo tsvene yokudenga kwapera, magumo edu achasimbiswa. Zvichakadaro, nhasi izuva rekurwadzisa mweya yedu, zuva resarudzo (VaHeb. 3:14-15).




RUTONGO

"Akati nenzwi guru, "Ityai Mwari, mumurumbidzei; nokuti nguva yake yokutonga yasika; namatai iye, wakasika denga, nenyika, negungwa, namatsime emvura"" (Zvakazarurwa 14:7)

Maererano nechiporofita, kucheneswa kweSenjuwari yeKudenga - ndiko kuti, Kutonga - kwakatanga muna 1844. Kubva ipapo, Chechi yeAdventist yakadanidzira nenzwi guru kuti nguva yokutonga yasvika, ichikoka munhu wose kunamata Mwari, uye kurarama maererano nemitemo yake.

Asi kutongwa hakuzoitike kana Jesu auya panyika(1MaKo. 16:33; 2Tim. 4:1)?

Jesu paanouya, anopa "mubayiro" wokuripira "mumwe nomumwe maererano nezvaakaita" (Zva. 22:12); Anotuma ngirozi dzake kuti dziunganidze vasanangurwa (Mt. 24:31); uye anomutsa avo vanotenda maari (1VaT. 4:16). Ziva kuti vasingatendi vakafa havamutswi panouya Jesu saka havatongwe panguva iyoyo (Zva. 20:4-5).



TSITSI NEKURURAMISIRA

“Cigaro covushe cicamiswa netsitsi; mumhe ucagara pamsoro paco nezokwadi, mutente raDavidi, acitonga, acitsaka kururamisira vanhu, acikurumidza kuita zakarurama.” (Isaya 16:5)

Mitemo gumi yakaiswa muareka inomirira mwero wekutonga, kururamisira kwaMwari (Mup. 12: 13-14). Chifunhiro chengoni chakaiswa pakati pemurairo nehvepo hwaMwari chinomiririra tsitsi dzoumwari(1Jn. 2:1-2).

Ropa Rake rikasaswa
paaritari yezvipiriso
zvinopiswa



nzira inoenda
kuSenjuwari
yeKudenga inotanga
nekugamuchira
chibayiro chaJesu

Ruramisiro inoda kutevedzwa kweMutemo. Tsitsi dzinogamuchira hupenyu hwakakwana hwaJesu pachinzvimbo chehwedu(1 Pet. 1:18-19). “Rudo rwakakwaniswa matiri pacinhu ici, kuti tirege kutya nezuaa rokutongwa”(1Jn. 4:17).

Ropa rake rikasaswa
paaritari
yezvinonhuwira




ramba uchirarama
muhumwe naKristu

Ropa rake rikasaswa
pamusoro pechidzitiro,
pamberi peareka



uye inopera kana
nyaya yedu yaiswa
pamberi peMutongi




GWETA UYE MUREVERERI

"Naizozo unesimba rokuponesa kwazo-kwazo avo vanoswedera kunaMhari naye, zaanorarama nokusingaperi kuti avareverere" (VaHebhuru 7:25)

Upenyu hwaJesu hwakaratidza rudo rwaMwari kunyika inoshayiwa uye zvakasikwa zvinoona. Rufu rwake rwakaratidza kuipa kwechivi uye rwakapa ruponeso kuvanhu vose. Kureverera Kwake musenjuwari yokudenga kunopa zvikomborero zveyananiso kune mumwe nomumwe anosvasvavirira nokutenda kuti azvigamuchire.

Muupenyu hwedu hwose uye, chokwadi, panguva yokutongwa, Jesu ndiye Murevereri wedu(1Jn. 2:1).



Basa raJesu muSenjuwari yeKudenga rinotidzidzisa:

- Kunzwisisa kwakajeka kwezano reruponeso**
- Zvinodiwa neMutemo waMwari**
- Mutengo usingaperi weruponeso rwedu**
- Nzira yakavhurwa naJesu kuti isvike kuna Baba**
- Kuchengeteka kwokukwanisa kutaura naMwari nechivimbo**

Nokukurumidza, Kutonga kuchapera uye Jesu "ucazouonekwa rwecipiri, asingatakuri zivi, naiuo vanomutarira kuti avaponese" (VaHeb. 9:28)



“Apo mabhuku ezvakanyorwa anozarurwa mukutonga, upenyu hwaavo vose vakatenda muna Jesu hunoongororwa pamberi paMwari. Kutanga neavo vakatanga kugara panyika, Murevereri wedu anomiririra nyaya dzechizvarwa chimwe nechimwe, opedzisira nevapenyu.

Mazita ese anotaurwa, nyaya dzese dzinonyatsoferefetwa. Mazita anogamuchirwa, mazita anorambwa. [...]

Avo vose vakatendeuka pachokwadi pachivi, uye nokutenda vakatora ropa raKristu sechibairo chokuyananisa, vakave nekanganwiro yakanyorwa pamazita avo mumabhuku edenga; sezvo vakave vagovani vekururama kwaKristu, uye hunhu hwavo huchiwanikwe huri mutsinhirano nemutemo waMwari, zvivi zvavo zvichadzimwa, uye ivo pachavo vachanzi vakakodzera upenyu husingaperi.” -Non Official Translation by Gift Mawoyo

“Iko zvino takamira muruvazhe rwokunze, takamirira uye tichitarisira tariro yakaropafadzwa, kuonekwa kwokubwinya kwalshe wedu noMuponesi Jesu Kristu. [...] Mukureverera Kwake semurevereri wedu, Kristu haadi hunhu hwemunhu, hapadi kureverera kwemunhu. Ndiye ega mutakuri wezvivi, ndiye ega chipiriso chezvivi. Munamoto nokureurura zvinofanira kupiwa chete kuna iye akapinda kamwe chete kuitira vose muNzvimbo Tsvene-tsvene. Achaponesa kusvikira kumagumo avose vanouya kwaari nokutenda. Anogara achirarama kuti atireverere.” -Non Official Translation by Gift Mawoyo

EGW (Jesus Our Advocate, November 1)